

Kritè pou jwenn so bi-alfabetizasyon Eta New York (NYSSB)

- A. Elèv yo ki vle resevwa NYSSB dwe ranpli tout kondisyon pou yo gradye ak yon diplòm NYS Regents*;
 B. Anplis de kondisyon minimòm ki anwo a, elèv ki vle resevwa NYSSB a dwe genyen twa (3) pwen nan kritè Angle yo ak twa (3) pwen nan kritè Lang Mondyal la.

KRITÈ POU DEMONTRE KONPETANS NAN ANGLE	VALÈ PWEN	KRITÈ POU DEMONTRE KONPETANS NAN YON LANG MONDYAL	VALÈ PWEN
<p>1A. Nòt 80 oswa pi wo nan Egzamen NYS Regents nan Ar Lang Angle** Oswa Elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELL) fè nòt 75 oswa plis nan de egzamen Regents ki pa Angle**, san tradiksyon.</p>	1	<p>2A. Swiv yon kou lang mondyal nan nivo pwen kontwòl C, avèk yon nòt 85 oswa plis, oswa yon nòt konparab lè w itilize yon lòt sistèm nòt ki defini pa distri a epi ki apwouve pa Komisè a, sa ki konsistan avèk Estanda pwen kontwòl C.</p>	1
<p>1B. ELL yo jwenn yon nòt jeneral 290 oswa pi bon nan Egzamen Anglè kòm Dezèm Lang Eta New York (NYSESLAT) pandan klas 9^{yèm}-12^{yèm} ane.</p>	1	<p>2B. Bay relve nòt ki soti nan yon lekòl ki nan yon peyi andeyò Etazini ki montre omwen twa ane ansèyman nan lang natif natal elèv la nan 8^{yèm} ane oswa pi lwen, ak yon mwayèn ekivalan klas B oswa pi wo.</p>	1
<p>1C. Fini tout kou ELA 11^{yèm} ak 12^{yèm} ane ak yon mwayèn 85 oswa pi wo oswa yon nòt ki konparab lè w itilize yon lòt sistèm nòt distri a etabli epi Komisyonè a apwouve.</p>	1	<p>2C. Pou elèv yo ki enskri nan yon pwogram Edikasyon Bileng, konplete tout devwa pou Ar lang nan kay (HLA) obligatwa ak yon nòt 85 oswa pi wo oswa yon nòt ki konparab lè w sèvi avèk yon lòt sistèm nòt distri a etabli epi Komisyonè a apwouve.</p>	1
<p>1D. Nòt nan yon nivo konpetans nan yon evalyasyon Anglè apwouve (Gade "Evalyasyon Anglè Apwouve" nan paj 49.)</p>	1	<p>2D. Jwenn yon nòt konpetans elve nan yon evalyasyon akredite nivo pwen kontwòl C lang mondyal (Gade "Evalyasyon Pwen kontwòl C lang mondyal ak Nòt Minimòm" nan paj 50-52.)</p>	1
<p>1E. Prezante yon Pwojè Kilminan ki satisfè kritè pou pale, koute, lekti ak ekriti Komite So-Alfabetizasyon Eta New York etabli bay yon komite evalyatè ki gen konpetans nan lang Angle.</p>	2	<p>2E. Prezante yon Pwojè Kilminan ki satisfè kritè pou pale, koute, lekti ak ekriti Komite So-Bi-alfabetizasyon Eta Nouyòk la etabli epi ki konfòme avèk Estanda Ansèyman Pwen kontwòl C Eta Nouyòk bay yon komite evalyasyon ki gen konpetans nan lang sib la.</p>	2

Yo dwe bay aranjman pou tès yo rekòmande nan yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) oswa Plan Akomodasyon Seksyon 504 pou tout evalyasyon Eta a ak distri yo administre pou elèv ki gen andikap, dapre règleman Eta a. Elèv ki gen andikap yo ta dwe resevwa akomodasyon tès sa yo tou nan Pwen kontwòl C Evalyasyon Lang Mondyal. Nan mezi kote sa otorize.

* Elèv yo ki nan lekòl ki pwopoze yon lòt pakou pou gradyasyon ke Komisyonè a apwouve yo pral respekte kritè lekòl sa yo.

** Pou w jwenn enfòmasyon sou egzansyon pou egzamen sa yo, gade kesyon 72-73, 91-92.